

Avi pou Carnegie Hill ak Yorkville konsènan maladi Legionnaires la

Depatman Sante Vil Nouyòk ap mennen yon ankèt sou yon seri ka maladi Legionnaires nan Carnegie Hill ak Yorkville (kòd postal 10028, 10128, ak 10075).

Maladi Legionnaires la se yon fòm nemoni. Risk la ba pou pifò moun, men si w ap viv oswa travay nan youn nan zòn sa yo (kòd postal), oswa si w te vizite yo, epi ou devlope sentòm ki sanble ak grip, konsilte yon pwofesyonèl sante imedyatman. Sentòm yo gen ladan l lafyèv, frison, doulè nan misk, tous, ak difikilte pou respire.

Pou jwenn èd pou jwenn yon founisè swen sante, kèlkeswa sitiyasyon imigrasyon oswa asirans ou, rele **311** oswa **844-692-4692**. Pou jwenn enfòmasyon ki ajou, tankou kantite ka konfime yo, vizite **nyc.gov/legionnaires**.

Sous posib bakteri ki lakòz nemoni sa a se yon tou refwadisman ki sitiye nan zòn ki afekte a. Tou refwadisman yo se sistèm ki baze sou dlo, epi anjeneral yo enstale yo sou tèt bilding yo. Yo sèvi pou kontwòle tanperati sistèm refwadisman yo, tankou inite refrijerasyon. Tou refwadisman yo degaje yon vapè dlo ki gen bakteri sa yo ladan l. Depatman sante a ap fè tès kounye a sou tout tou refwadisman ki nan zòn ki afekte a.

Sa pa afekte sistèm plonbri bilding nan ditou. Ou ka bwè dlo a, benyen, kwit manje, epi itilize èkondisyone w san danje.

Li patikilyèman enpòtan pou w kontinye itilize èkondisyone w la lè vil la ap sibi yon vag chalè epi tanperati yo rive nan nivo ki danjere.

Pou plis enfòmasyon, oswa si w gen nenpòt kesyon, tanpri vizite **nyc.gov/legionnaires**, rele **311**, oswa voye yon imèl bay Depatman Sante a nan **communityaffairs@health.nyc.gov**.